

# Sa pou Fè pou Chanjman nan Zong ou

What to Do for Nail Changes - Haitian Creole

Ou kapab gen chanjman zong nan pwent dwèt ou, nan zòtèy ou oswa nan toulède. Ou kapab gen chanjman nan zong pou anpil rezon, tankou tretman kansè a. Zong yo fèt avèk:

- Plak zong (pati ki pi di nan zong lan ak pati ou kapab wè a)
- Kabann zong (tisi ki anba plak zong lan)



## Kisa ki lakòz chanjman nan zong yo?

Kèk tretman kansè kapab lakòz chanjman nan zong ou yo. Chanjman sa yo kapab afekte fason zong ou yo sanble, fason ou santi yo, ak fason yo travay. Chanjman nan zong yo kapab pwovizwa oswa ka dire anpil tan.



## Ki chanjman komen mwen ta dwe siveye?

- Zòn nwa yo anba zong lan, ki sanble tankou grafouyen epi ou remake pi souvan Toutolon kitikil la (pwent anba zong lan)
- Fant oswa blesi fon ki piti ak mens oswa
- Dechiri nan pwent zong lan, ki se zòn ki piti anpil nan senyman anba plak zong lan
- Fòmasyon kote ki nwa nan po ki toutotou zong lan, oswa nan zong lan sèlman (chanjman koulè)
- Kote ki wouj, epi pafwa kote ki anfle nan kabann zong lan oswa zòtèy la ka se yon siy enfeksyon epi sa kapab lakòz ou gen anpil doulè
- Lè p[lek zong lan monte, sa ki kapab mete ou pi arisk pou gen enfeksyon epi pou zong lan tonbe
- Pèt plak zong lan nèt, ki kapab ba ou anpil doulè epi mete ou pi arisk pou gen enfeksyon jiskaske zong lan grandi ankò
- Arebò oswa kiy koulè ki nan zong lan, ki pral grandi soti apre tretman an fini.



## Sa ou kapab fè pou ede ou evite oswa kontwole chanjman yo nan zong ou

- Tcheke men ou ak pye ou chak jou pou chèche si gen chanjman nan zong ou yo.
- Evite chòk nan zong ou otank posib.
- Itilize kouvèti zong ki ka fonn nan dlo, tankou vèni zong ki gen arebò ki delika oswa ki ap separe.
- Kenbe zong ou yo kout lè ou koupe yo. Zo mwen fasil pou kase oswa kwense.
- Kenbe zong ou pwòp pou evite enfeksyon.
- Mete gan pou pwoteje zong ou lè ou mete yo nan dlo (tankou lè l ap lave vesò, fè jaden, oswa netwayaj).
- Mande ekip swen kansè ou si yo dakò pou resevwa maniki pwofesyonèl pandan w ap resevwa tretman kansè a.
- Mete rad ki lache sou ou.
- Evite presyon nan kabann zong ou yo (dwèt ou ak zòtèy ou).
- Fè ekip swen kansè ou konnen nenpòt chanjman nan zong ou. Si ou gen doulè oswa enfeksyon avèk chanjman nan zong ou yo, palè avèk ekip swen kansè ou anvan ou eseye nenpòt remèd lakay ou.



## Pale avèk ekip swen kansè ou.

Mande ekip swen kansè ou si tretman ou ka lakòz chanjman nan zong ou. Mande yo ki kalite chanjman pou siveye ak fason pou kontwole yo. Fè ekip swen kansè ou konnen si ou gen nenpòt chanjman nan plak zong ou anflamasyon, kote ki wouj, oswa doulè toutotou zong lan.



Pou jwenn enfòmasyon ak repons sou kansè, ale sou sitwèb Sosyete Ameriken pou Kansè (American Cancer Society) [cancer.org](https://cancer.org) oswa rele nou nan nimewo **1-800-227-2345**. Nou la lè ou bezwen nou.